# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Аймақлық халық билимлендириўи басқарыўы органлары структураларына өзгерис киритиў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 9-августтағы «Бала ҳуқықларының кепилликлерин тәмийинлеў системасын және де жетилистириў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПП-6275-санлы Пәрманы ҳәм 2021-жыл 29-июньдағы «Мәмлекет органлары ҳәм шөлкемлерине юридикалық хызмет көрсетиў жумысларын және де жетилистириў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПҚ-5168-санлы қарарына муўапық Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 25-октябрьдеги 346-санлы буйрығын басшылыққа алыў ҳәм орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 25-октябрьдеги «Аймақлық халық билимлендириўи басқарыўы органлары структураларына өзгерис киритиў ҳаққында»ғы 346-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Жоқарыдағы буйрық пенен:

а) Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 9-августтағы ПП-6275-санлы Пәрманына муўапық 2021-жыл 1-сентябрьден:

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлеринде әмелдеги жас өспиримлер жумыслары бойынша аймақлық мәкемелераралық комиссия секретариаты ҳәм де Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы Халық билимлендириў басқармаларындағы балаларды социаллық қорғаў ҳәм қоллап-қуўатлаў секторындағы бир бас қәниге лаўазымларын оптималластырыў есабынан Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесинде Балаларды қорғаў мәселелери секретариаты;

район(қала)лық ҳәкимликлеринде әмелдеги жас өспиримлер жумыслары бойынша район(қала)лық мәкемелераралық комиссия хаткери ҳәм де район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлериндеги балалардың социаллық қорғалыўы бойынша методисти лаўазымларын оптималластырыў есабынан район(қала)лық ҳәкимликлеринде Балаларды қорғаў секторлары шөлкемлестирилиўи;

б) Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 29-июньдеги ПҚ-5168-санлы қарарына муўапық 2021-жыл 1-октябрьден:

район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлерине район(қала)ларда юридикалық хызмет көрсетиў орайлары тәрепинен юридикалық хызмет көрсетилиўи белгиленгенлиги;

сондай-ақ, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги, Ташкент қаласы халық билимлендириўи бас басқармасы ҳәм ўәлаятлар халық билимлендириўи басқармаларының үлги структурасы 1-3-қосымшаларға, структура бойынша лаўазымлар аты ҳәм штат бирликлери саны 4-қосымшаға муўапық;

район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлериниң үлги структурасы 5-қосымшаға, структура бойынша лаўазымлар аты ҳәм штат бирликлери саны 6-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы;

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң айырым буйрықлары 7-қосымшаға муўапық өз күшин жоғалтқанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Барлық район(қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықларына:

штат бирликлери қысқарыўы мүнәсибети менен мийнет шәртнамасы бийкар етилетуғын хызметкерлерге нызамшылық ҳүжжетлерине муўапық төлемлерди әмелге асырыў ҳәм жумыстан босап атырған хызметкерлерди жумысқа жайластырыў илажларын көриў;

район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлериниң штат кестесин қайта көрип шығып, белгиленген тәртипте тастыйықлаў ҳәм дизимнен өткерилиўин тәмийинлеў;

штат кестесиндеги өзгерислер тийкарында хызметкерлердиң лаўазым мәжбүриятларын қайта көрип шығыў ҳәм тийисли өзгерислер киритиў;

балалардың социаллық қорғалыўы бойынша бар болған ҳүжжетлерди хатлаўдан өткериў ҳәм орнатылған тәртипте Мәмлекетлик архивке тапсырылыўын тәмийинлеў ўазыйпалары жүклетилсин.

4. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а Қ.Бекбаулиевқа тапсырылсын.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл «25» Октябрь
№ 227